

Definisyon Konsantman Afimatif

Konsantman afimatif se yon desizyon entansyonèl, volontè, ak komen pami tout patisipan yo pou yo angaje nan aktivite seksyèl. Ou kapab bay konsantman an avèk mo oswa aksyon, toutotan mo yo oswa aksyon yo kreye pèmisyon aklè konsènan volonte pou angaje nan aktivite seksyèl. Silans oswa mank rezistans, ki ladan ak poukont li, pa demontre konsantman. Definisyon konsantman pa chanje dapre sèks, preferans seksyèl, idantite seksyèl, oswa ekspresyon seksyèl patisipan an.

Konsantman pou nenpòt zak seksyèl oswa aktivite seksyèl avèk konsantman davans oswa avèk nenpòt moun ki konsène pa nesesèman reprezante konsantman pou nenpòt lòt zak seksyèl.

Konsantman obligatwa kèlkeswa si moun ki kòmanse zak la anba enfliyans dwòg ak/oswa alkòl.

Yon moun ka bay konsantman li okòmansman epi li retire konsantman an nenpòt lè.

Yon moun ki entatad pa kapab bay konsantman li, ki fèt lè yon moun pa gen konpetans pou chwazi pou patisipe nan aktivite seksyèl avèk entansyon li. Moun ka entatad akòz mank konsyans oswa paske l ap dòmi, paske li gen restriksyon kont volonte li, oswa si yon moun pa kapab bay konsantman li. Selon degre entoksikasyon an, moun ki anba enfliyans alkòl, dwòg, oswa lòt estipefyan ka entatad epi poutèt sa yo pa kapab bay konsantman yo.

Yon moun pa kapab bay konsantman li anba nenpòt presyon, kraponay, lafòs, oswa menas pou domaj.

Lè yon moun retire konsantman li oswa lè li pa bay konsantman li ankò a, aktivite seksyèl la fèt pou sispann.

Amnisti nan Akizasyon pou Konduit ki Gen pou Wè ak Itilizasyon Dwòg ak Alkòl

Sante ak sekirite chak etidyan ki nan Rockland Community College gen anpil enpòtans. RCC rekonèt etidyan ki t ap bwè ak/oswa itilize dwòg (ki itilizasyon an volontè oswa kont volonte) nan moman gen vyolans, tankou men pa sèlman vyolans nan kay, vyolans nan afè boubout, asèlman, oswa atak seksyèl ka ezite pou denonse ensidan yo akòz laperèz pou konsekans posib pou konduit pa yo. RCC ankouraje etidyan yo toutbon pou yo denonse vyolans nan kay, vyolans nan afè boubout, asèlman, oswa atak seksyèl ba ofisyèl enstitisyon an. Yon moun k ap pase ki aji avèk bon volonte oswa ki fè yon rapò endividyèl pou aji avèk bon volonte li ki divilge nenpòt ensidan vyolans nan kay, vyolans nan zafè boubout, asèlman, oswa atak seksyèl ba ofisyèl RCC yo oswa ba lapolis p ap depannde aksyon kòd konduit RCC's pou vyolasyon règleman konsènan itilizasyon alkòl ak/oswa dwòg ki fèt nan oswa toupre lè zak vyolans nan kay la, vyolans nan zafè boubout, asèlman, oswa atak seksyèl la fèt.

Deklarasyon Dwa Etidyan

Tout etidyan yo gen dwa pou:

Fè yon rapò ba lapolis lokal ak/oswa lapolis leta;

Fè yo konsidere divilgasyon vyolans nan kay, vyolans nan zafè boubout, asèlman, ak atak seksyèl oserye;

Pran yon desizyon sou si pou yo denonse oswa pa denonse yon krim oswa vyolasyon an epi patisipe nan pwosesis jidisyèl oswa konduit la ak/oswa pwosesis lajistis kriminèl san okenn presyon enstitisyon an;

Patisipe nan yon pwosesis ki jis, san paspouki, epi bay avi konvnan ak yon posiblite serye pou yo tande yo;

Trete avèk diyite epi resevwa nan enstitisyon an swen sante ak sèvis konsèy nan yon mannyè ki koutwa, san paspouki epi avèk respè, kote li posib;

Pa jwenn okenn sijesyon ki endike rapòtaj endividyèl se akòz fòt lè krim ak vyolasyon sa yo fèt, oswa te dwe aji nan yon mannyè diferan pou evite krim oswa vyolasyon yo;

Dekri ensidan an ba kèk reprezantan enstitisyon an jan li posib, epi pa gen obligasyon pou refè yon deskripsyon ensidan an san nesesite.

Jwenn pwoteksyon kont vanjans enstitisyon an, nenpòt etidyan, moun yo akize a ak/oswa moun ki reponn nan, ak/oswa zanmi li yo, fanmi li ak moun li konnen yo nan jiridiksyon enstitisyon an;

Jwenn aksè nan omwen yon nivo kontestasyon yon detèminasyon;

Akonpaye avèk yon konseye li chwazi ki ka ede ak konseye yon rapòtaj endividyèl, moun yo akize a, oswa moun ki reponn nan pandan pwosesis jidisyèl a oswa pwosesis konduit la pandan tout reyinyon ak odyans ki gen pou wè ak pwosesis la;

Egzèse dwa sivil ak pratik relijyon san entèferans pwosesis ankèt la, lajistis kriminèl, oswa pwosesis jidisyèl oswa pwosesis konduit enstitisyon an.

Dwa yo aplike kèlkeswa ras, koulè, peyi kote ou soti, relijyon, kwayans, laj, andikap, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, preferans seksyèl, kondisyon fanmi, gwosès, karakteristik tandans jenetik, kondisyon militè, kondisyon viktim nan vyolans nan kay, oswa kondanasyon kriminèl, epi kèlkeswa si krim nan oswa vyolasyon an fèt nan kanpis la, deyò kanpis la, oswa pandan moun nan ap etidye nan peyi etranje.

Ou gen dwa pou fè yon rapò ba Lapolis Inivèsite a oswa Sekirite Kanpis la, lapolis lokal, ak/oswa Lapolis Leta oswa ou gen dwa pou chwazi pou pa rapòte; pou rapòte ensidan an ba enstitisyon ou; pou enstitisyon an pwoteje ou kont vanjans poutèt ou rapòte yon ensidan; epitou pou resevwa èd ak resous nan enstitisyon an.